

ANN PALE DE LI



TI LIV ENFÒMASYON SOU
MATÈNITE

KONTNI

Woutin Klinik	3
Enfòmasyon Finansye	4
Akouchman Prematire	5
Siyal Avètisman Enpòtan yo	5-6
Pwoblèm Minè	6
Manje ki rich an fè	7
Bay tete	7
Vyolans Domestik, Èske w An Sekirite?	7
Planifikasyon familial	8
Nouvo Ti bebe w la	8
Konje nan travay	9

Depatman Sante Wayne County
1560 Clingman Street
Goldsboro, NC 27534

Nimewo telefòn pou sonje:

919-731-1000 Depatman Sante Konte Wayne

919-731-6200 UNC Wayne Travay ak Akouchman

Konpile ak pwodwi pa Anplwaye Depatman
Sante Konte Wayne nan

Kreye 10/1983

Revize 11/1986, 9/1988, 10/1993, 10/2004, 6/2011, 7/2012,
7/2013, 4/2022, 2/2025

Klinik woutin

- A. **PREMYE RANDEVOU.** Entèvyou ak reprezantan relasyon pasyan yo pou diskite sou pri sèvis swen prenatal yo. Yo pran san pou tès laboratwa prenatal, sof si randevou w la se aprè lè tès laboratwa yo. Si sa rive, y ap pwograme tès laboratwa prenatal ou yo nan yon dat pita. Y ap refere w tou nan biwo WIC la pou sèvis yo.
- B. **DEZYÈM RANDEVOU.** Randevou sa a se pou egzamen fizik ou. Timoun pa ta dwe akonpaye w nan randevou sa a sof si ou mennen yon moun ki ka pran swen yo pandan w avèk founisè swen medikal la. Ou ka rete nan klinik la pou apeprè de zè de tan. Nan vizit sa a, ou pral genyen:
1. Yo pran yon istwa medikal. Prepare w, mande fanmi w si gen istwa dyabèt, tansyon wo, anomali konjenital, oswa maladi jenetik, tankou Sendwom Down, elatriye.
 2. Pwa ak tansyon
 3. Egzamen fizik konplè (ki gen ladan l egzamen vajinal ak tete) pa founisè medikal ou.
 4. Edikasyon prenatal
 5. Yo ba w yon randevou pou pwochen vizit ou nan klinik la.

Y ap ba w randevou nan entèval sa yo:

Premye 28 semèn yo - chak kat semèn.

28 a 36 semèn - chak de semèn.

36 semèn pou livrezon - chak semèn.

Si gen nenpòt pwoblèm oswa enkyetid konsènan gwosès ou, randevou yo ka pi souvan.

Ijans Aprè Lè Travay

Si ou bezwen asistans ijans lè Depatman Sante a fèmen, (anvan 8è dimaten ak aprè 5è aprèmidi lendi jiska vandredi epi nenpòt ki lè nan wikenn oswa jou ferye) tankou senyen, flit oswa yon likid k ap soti toudenkou nan vajen an, sentom akouchman, oswa

mouvman fetis la diminye, tanpri rele inite Akouchman UNC Health nan 919-731-6200 oswa ale nan Depatman Ijans lopital ki pi pre a pou yo evalye w.

Enfòmasyon Finansye

Pou ou ka resevwa swen prenatal nan Depatman Sante a, ou dwe yon rezidan nan Wayne Wayne. Depatman Sante a aksepte Medicaid ak kèk plan asirans. Si ou pa kalifye pou Medicaid, oswa ou pa gen asirans, y ap aplike yon echèl frè glisman ki baze sou gwosè fanmi ou ak revni ou. Nan premye randevou w la, y ap diskite avèk ou sou pri swen prenatal la. Si revni fanmi w nan nivo revni Medicaid la, y ap refere w bay Depatman Sèvis Sosyal yo pou w aplike pou Medicaid si w poko fè sa. Tanpri ranpli aplikasyon Medicaid ou pi vit posib pou evite ranvwaye nenpòt referans ki nesèsè pou rezon medikal akòz mank asirans.

Si ou vle mete ti bebe w la sou Medicaid, se responsablite w pou w aplike nan Depatman Sèvis Sosyal yo pou kouvèti sa a aprè akouchman an.

Si w ap resevwa Medicaid regilyèman, ou ka vin pa kalifye si revni w oswa revni fanmi w chanje pandan gwosès ou. Si sa rive, ou ka aplike pou Medicaid pandan gwosès la pou kouvri depans medikal yo pandan gwosès la.

Reprezantan Relasyon Pasyan an ap ranpli kalifikasyon prezime (Medicaid tanporè) pou kliyan ki pa kalifye pou gwosès oswa Medicaid regilye. Sa ap kouvri sèvis yo apati dat yo fin fè l rive jis dènye jou mwa k ap vini an. Y ap aplike yon Echèl Frè Glisman ki baze sou gwosè fanmi an ak revni pou rès vizit prenatal yo. Trant jou anvan dat akouchman an, aprè Medicaid tanporè w la ekspire, ou dwe aplike nan Depatman Sèvis Sosyal la pou Medicaid ijans pou kouvri pri akouchman w lan. Reprezantan Relasyon Pasyan an ap prepare yon fòmilè aplikasyon preadmisyon pou lopital la pou ou lè sa apwopriye.

Pran konje nan travay

Pale ak patwon w sou plan ou genyen pou konje travay pou gwosès ak peryòd aprè akouchman an. Si ou kalifye, patwon w ta dwe ba w dokiman Lwa sou Konje Medikal Familyal (Family Medical Leave Act (FMLA)) ansanm ak nenpòt fòmilè sètifikasyon medikal yo mande pou apwouve konje a. Tanpri bay tout papye FMLA yo (avèk yon nimewo telefòn ki fonksyone tache) ansanm ak frè ki aplikab la bay yon manm pèsònèl Enskripsyon an pou l remèt yo bay Asistan Biwo Sante Fanm nan.

Etap 1

Anvan ou pote papye FMLA yo nan biwo Enskripsyon an, tanpri asire w ke ou fin ranpli chak pati ou menm, anplwaye a, ki gen ladan l siyati ak dat yo. Ou ta dwe gen yon deskripsyon travay tache epi pafwa yon paj otorizasyon enfòmasyon medikal ki enkli nan pake a.

Etap 2

Aprè ou fin remèt dokiman yo, sa ap pran 3 jou ouvrab pou trete, kidonk tanpri remèt yo san pèdi tan paske fòmilè sa yo enpòtan anpil.


Etap 3

Gen yon frè pwosesis \$15 dola ki dwe peye (lajan kach, chèk, oswa kat debi/kredi) bay Enskripsyon anvan yo ka trete sa yo.

Etap 4

Moun ki responsab enskripsyon an ap rele w lè fòmilè yo pare pou w vin pran yo. Se pasyan ki fè demann lan ki dwe vin pran fòmilè yo, nou pa kapab voye fòmilè yo pa faks oswa pa imèl akòz règleman HIPAA yo.

Pou gid konplè sou FMLA ki soti nan Depatman Travay Etazini an, eskane kòd QR sa a



Planifikasyon famiyal

Ou ta dwe deside ki metòd kontrasepsyon ki pi bon pou ou anvan ti bebe w la fèt. Bay tete pa pwoteje w kont gwosès.

Metòd kontrasepsyon sa yo disponib nan Depatman Sante a.

- Konprime a oswa kontrasepsyon oral la
- Kapòt
- Sansibilizasyon sou fètilite
- Referans patnè pou ligasyon twonp oswa vasektomi
- Depo Provera
- Patch oswa bag kontraseptif
- IUD
- Neksplanon

Si ou deside ou vle esterilizasyon elektif, ou ta dwe di founisè medikal ou an sa anvan katriyèm mwa gwosès ou. Sa bay tan pou siyen fòmilè konsantman ki apwopriye yo epi pou konplete pwosesis finansye a.

Nouvo ti bebe w la

A. Batistè

- Si papa pitit yon fanm ki pa marye vle pou non li parèt kòm non papa a sou sètifika nesans lan, tou de paran yo dwe siyen yon fòmilè "deklarasyon parante" pandan manman an toujou nan lopital la. Yo fè sa nan lopital kote manman an akouche ti bebe a. Si papa a ap deyò vil la lè akouchman an, al wè travayè sosyal la pou fè aranjman davans
- Si yon manman te marye oswa separe nan moman konsepsyon an, non mari l dwe parèt kòm non papa pitit la. Si li divòse epi li remarye anvan akouchman, mari aktyèl li a ap parèt kòm papa timoun nan.

B. Syèj Sekirite pou Timoun

W ap bezwen yon chèz machin ki apwopriye pou pwa timoun nan, ki pa ekspire epi ki pa t nan yon aksidan machin lè w ap kite lopital la.

Akouchman prematire

Akouchman prematire se akouchman anvan 37^{yèm} semèn gwosès. Ti bebe ki fèt anvan 37 semèn ka gen difikilte pou respire epi yo ka bezwen rete lopital pandan plizyè jou oswa plizyè semèn anplis. Plis ti bebe w la fèt bonè, se plis li ka gen pwoblèm.

Siy akouchman prematire

1. Kranp ak/oswa doulè nan vant (konstan oswa vini epi ale).
2. Mal do ki ba, ki pa twò fò (konstan oswa ki vini epi ki ale).
3. Likid vajinal k ap koule oswa k ap vide (ekoulman mizek, dlo, ak yon ti san).
4. Kontraksyon matris, sis oswa plis nan 1 èdtan. (LI KA SAN DOULÈ). Kontraksyon yo ka santi tankou ti bebe a ap "fè yon boul" anndan ou.

Kisa pou w fè si w gen kontraksyon oswa lòt siy akouchman prematire

1. Kouche; vire sou bò gòch ou pandan inèdtan. Pandan w ap repoze, eseye bwè de ou twa vè dlo epi pran de Tylenol Ekstra-fò, si ou pa fè alèji.
2. Si siy yo pa disparèt nan YON ÈDTAN:
 - A. Rele founisè medikal ou nan (919) 731-1000.
 - B. Lannwit ak wikenn, rele Labor and Delivery nan Wayne (Tranche ak Akouchman) nan Lopital Wayne Memorial (919) 731-6200.

Siy avètisman enpòtan yo

Si ou ta gen nenpòt nan sentom sa yo, rele founisè medikal ou nan Depatman Sante a nan (919) 731-1000. Si ou gen yon pwoblèm ijans aprè lè travay, rele UNC Wayne Labor and Delivery nan (919) 731-6200.

1. Senyen nan vajan
2. Lafyè 101 degre oswa plis
3. Gwo doulè nan vant

4. Enflamasyon dwòl nan pye, figi oswa men w
5. Gwo maltèt ki pa soulaje ak Tylenol oswa repo, (avèk oswa san vizyon twoub)
6. Diminasyon nan mouvman fetis la aprè 24 semèn

Pwoblèm Minè Gwosès

- Kè plen, vomisman:
 - Rejim fab
 - Ti, manje souvan
 - Konsantre sou idratasyon
 - Medikaman: vitamin B6 25 mg 3-4 fwa pa jou, ak doxylamine (unisom) 12.5mg nan aswè
- Konstipasyon:
 - dis a douz vè dlo chak jou
 - Manje fwi fre, sereyal son, pen grenn antye, ak legim chak jou
 - 20-30 minit egzèsis modere 3 fwa pa semèn
 - Kolaz (adousisan pou pou) youn oswa de kapsil chak jou
- endijesyon/lestomak boule
 - Evite manje gra, asid, epis
 - Manje 2-3 èdtan anvan w kouche
 - Maalox, Mylanta, Tums, Rolaid, Pepcid jan sa nesesè
- Grip/tous:
 - Bwè dlo epi repoze w byen
 - Pran 2 grenn Tylenol plis fòs pou lafyèv oswa doulè
 - Zyrtec oswa Claritin pou nen k ap koule, je ki gen dlo
 - Delsym, Robitussin DM, oswa Mucinex pou tous

Evite itilizasyon phenylephrine ak pseudoephedrine pandan gwosès la

- Emoroid:
 - Preparasyon H, kousinen Annusol oswa Tucks
- Dyare:
 - Bwè likid klè epi manje yon ti kantite manje ki pa gen gou
- Maltèt/Doulè:
 - De grenn Tylenol plis fòs chak 8 èdtan jan sa nesesè. **Pa pran Ibuprofen (Motrin, Advil) oswa NSAID**

Manje ki rich an fè

Bèf, ti bèf, poul, pwason, pwa sèk, pwa, pwa vèt, bè/pwa lima, nwa ak grenn, manba, rezen chèch, prin/ji prin, abriko sèk, legim vèt (chou frize, fèy navèt, epina), diri mawon, tomat/ji tomat, kalbas, pen ble antye, sereyal ak fè, ak pen, diri ak pasta anrichi.

Bay tete

Enfòmasyon sou bay tete disponib pou moun ki enterese nan bay tete. Kontakte biwo WIC la nan (919) 731-1276 pou plis enfòmasyon. WIC genyen tou konseye pou bay tete ki ka ede reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen.

Èske w an sekirite?

Kijan relasyon pèsònèl ou yo ye? Èske gen moun ki menase w, ki “mete w atè”, ki eseye entimide w oswa ki frape w? Ou pa merite pou yo maltrete w. Si w nan yon sityasyon ki ekspozè w a vyolans emosyonèl oswa fizik, tanpri fè nou konnen. Yon Liy Dirèk Nasyonal pou Vyolans Domestik disponib pou ou tou 24 sou 24. Nimewo a se 1-800-799-SAFE (7233), oswa pou moun soud (TTY): 1-800-787-3224. Kriz mobil Pak Seals Liy dirèk 1-866-241-7245.